Pou Piblikasyon Imedya: 28/07/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RATIFIKASYON YON AKÒ TRAVAY SENK ANE AVÈK UNITED UNIVERSITY PROFESSIONS

Kontra a apwouve avèk prèske sipò total manm UUP yo

Akò avèk UUP a, pi gwo sendika edikasyon siperyè nan peyi a, kouvri apeprè 42,000 pwofesè ak pwofesyonèl nan sistèm SUNY an

Akò yo gen ladan ogmantasyon salè anyèl, ogmantasyon nan peman lokal ak mizajou nan benefis sante

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse ratifikasyon yon akò travay senk ane avèk United University Professions (UUP), ki kouvri anviwon 42,000 pwofesè ak anplwaye pwofesyonèl SUNY. Akò a, ki valab jiska 1ye jiyè 2031, te jwenn apwobasyon 98 pousan manm UUP ki te vote yo.

"Akò sa a envesti nan manm United University Professions yo ki travay di, li rekonèt kontribisyon yo nan SUNY epi li souliye tou sipò administrasyon mwen an pou sistèm inivèsite piblik Nouyòk la ak mendèv talantye li a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye manm devwe UUP yo dèske yo asire etidyan nan inivèsite eta nou yo kontinye devlope ak pwospere lè yo prepare yo pou defi k ap tann yo, grasa yon edikasyon klas mondyal ak sipò yo bezwen an, sa ki reprezante yon envestisman valab nan avni Eta Nouyòk."

Prezidan Pwofesyon Inivèsitè Ini, Frederick E. Kowal, te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul dèske li te dispoze travay avèk nou sou yon akò ki rekonèt travay enpòtan manm nou yo fè nan ansèyman, sipò pou etidyan, swen ak rechèch ki chanje lavi. Gouvènè a konprann enpòtans edikasyon siperyè piblik, li apresye wòl santral sendika yo nan bati yon klas mwayèn epi li montre li gen anpil konsiderasyon pou travayè yo nan moman difisil sa yo."

Chanselye SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Ekselans akademik SUNY an reflete kalite ekstrawòdinè pwofesè ak anplwaye nou yo. Nouyòkè yo konte sou SUNY pou yon edikasyon nan nivo klas mondyal, rechèch ak travay akademik inovatè, sipò ak ekspètiz medikal, ansanm ak lòt bezwen ak sèvis esansyèl. Nou remèsye Gouvènè Kathy Hochul dèske li jwenn kontra sa a yo byen merite a epi dèske li sipòte pwofesè ak anplwaye klas mondyal nou yo."

Senatè Eta Toby Ann Stavisky te deklare, "Mwen te kontan anpil tande yo ratifye akò a. Pwofesè ak anplwaye pwofesyonèl SUNY yo se kè sistèm inivèsite piblik nou an. Yo anseye etidyan nou yo, fè rechèch avanse epi ouvri pòt opòtinite pou Nouyòkè nan tout kwen eta nou an. Mwen remèsye Prezidan UUP, Doktè Kowal, Chanselye King ak Gouvènè Hochul pou travay yo fè pou rive jwenn akò sa a. Lè nou envesti nan moun k ap prepare pwochen jenerasyon an, nou ranfòse SUNY ak avni Nouyòk."

Manm Asanble Alica J. Hyndman te deklare, "Pou atire pi bon talan yo nan State University of New York, li enpòtan pou salè yo koresponn ak epòk n ap viv la. 42,000 pwofesè ak anplwaye pwofesyonèl sistèm SUNY an merite salè, benefis ak swen sante ki pèmèt yo viv epi pwospere nan Empire State la. Lè pwofesè ak anplwaye yo pa gen difikilte pou satisfè bezwen debaz yo, y ap kapab konsantre sou ede etidyan yo vin lidè demen epi reyalize tout potansyèl yo."

Kontra ratifye a gen ladan ogmantasyon nan chak nan senk ane akò a, jan sa endike annapre: 4.5 pousan, 4 pousan, 3.5 pousan, 3 pousan ak 3 pousan. Kontra a gen ladan tou ogmantasyon nan peman selon lokalite ak plizyè lòt peman espesyal pou inite yo. Manm yo pral jwenn tou 20 èdtan konje prenatal peye ak yon ogmantasyon nan limit maksimòm kantite konje maladi yo ka akimile. Akò a gen ladan tou dispozisyon sou asirans sante ki elimine kèk kopeman epi ankouraje itilizasyon founisè ki nan rezo a. Sa redui depans yo prevwa pou sèvis yo nan plan an epi sa pral ede limite ogmantasyon prim asirans alavni pou anplwaye nou yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.